

La Bib pou ti moun
prézanté



Bèl
(mayifik)
Larenn
Estè



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Yon fwa te genyen yon bèl manmzèl ki te rele Estè.
Lè papa l ak manman li te mouri, tonton li, Madoche,
te pran l lakay li. Estè te onore li paske l te obeyi l
tankou pwòp pitit fi li.






Estè t ap viv nan peyi Pès, men an reyalite se
te juif li te ye. Zansèt li yo te vin nan peyi
Pès kòm prizonye lagè. Nan epòk Estè a, te
gen anpil juif ki t ap viv nan peyi Pès.




Wa peyi Pès la te fè yon
gwo fèt pou tout prens
nan wayòm li a.




Yo te separe
mesye yo ak
medam yo, epi
larenn Vasti te
resevwa yo. Wa
a, ki te bwè
anpil, te rele
larenn Vasti pou
l mete kouwòn
wayal la epi pou l
montre bote li.
Larenn nan te
refize.




Pou montre medam yo
dwe onore mari yo, wa a
te fè pase yon lwa ki te
retire kouwòn nan nan
men larenn Vasti. Li pa
te larenn ankò.



Yo te fè chèche
yon nouvo larenn.
Pami tout bèl fi ki
te nan wayòm li an,
wa a te chwazi Estè
kòm madanm li. Li
te mete kouwòn
wayal la sou tèt li.
Sou konsèy tonton
Estè a, Estè pa te di
wa a li se te jwif.






Tonton an, Madoche, te
pase tan li nan antre palè
a, pou li pran nouvèl Estè.
Yon jou li te aprann gen
de sèvitè ki te vle touye
wa a. Madoche te di wa
a sa, se konsa li te sove
lavi li. Yo te pann sèvitè
yo, epi yo te anrejistre
non Madoche
nan achiv yo.



Dezyèm diyitè apre wa a se te yon nonm rich ki te rele Aman. Tout moun te bese tèt yo lè Aman t ape pase. Tout moun — eksepte yon sèl nonm. Antanke yon Juif, Madoche te adore sèlman Bondye vivan an.



Aman te tèlman rayi Madoche yon jou li te deside
pou l touye li, ansanm ak tout juif ki te Pès yo. Ala
yon trajedi ! Aman te konvenk wa a pou li siyen yon
lwa ki deklare nan yon sèten moman,
tout jwif ki te nan wayòm
nan te dwe elimine.







Se te yon dekrè
terib. Ni jwif yo ni
pès yo te kriye.
Men sonje ! Bondye
te fè Estè rèn. Epi
li se te jwif. Èske li
t ap kache wa a
sekrè li a ? Oubyen
èske li t ap riske
lanmò pou l eseye
sove pèp li a ?



Bondye te bay Estè yon bèl (ekselan) lide. Li te envite wa a ak Aman nan yon fèt. Lè sa a, wa a te pwomèt li nenpòt sa li ta vle. "Se pou wa a vin ak Aman nan fèt m ap prepare pou yo a, epi demen m ap bay wa a yon repons dapre lòd li a."



Nan menm moman an, Aman te
fè prepare yon potans pou
pann Madoche.





Jou lannuit sa a, wa a pa te
kapab dòmi. Pandan li t ap li
achiv yo, li te wè Madoche pa te
janm resevwa rekonpans paske li
te sove lavi li a. Nan demen, wa
a te mande Aman :
"Kisa pou yo fè pou
yon nonm wa a vle
onore ?"

Aman te di tèt
li wa a t ap panse
ak li !





Aman te vini pou li mande wa a
pèmisyon pou l pann Madoche. Potans
lan te pare. Kounye a, li te kapab
tann. Avèk anpil eksitasyon, Aman te
fè wa a kèk sijesyon. "Se pou pran
rad wa a ak kouwòn li an epi mete yo
sou nonm sa a."




"Mete li chita sou chwal wa a.
Mande yon prens wayal pou li
pwomennen ak li nan tout vil la pou
tout moun ka wè li." "Prese vit, fè
sa pou Madoche, jwif la," wa a te
bay Aman lòd.




Ki jan ou panse Aman te santi li
pandan l t ap onore Madoche nan vil
la ? Li te rayi Madoche pi plis pase
anvan. "Ann tann," Aman dwe t ap
panse. "Li pral mouri talè konsa


— ansanm ak
tout lòt
jwif yo."



Pita nan menm jou a,
Aman ak wa a te rive
nan fèt larenn Estè a.
"Ki sa w mande ?" wa a
te mande. Li pa te bliye
pwomès li te fè a. Li te
lonje dwèt sou Aman,
Larenn Estè te revele
tout mechan konplo
Aman an. "Se pou yo
pann Aman !" wa a te di.



Aprè sa, wa a te pase yon lòt lwa ki te pèmèt jwif yo defann tèt yo. Yo te sove ! Yo te bay Madoche dezyèm plas apre wa a, epi jwif yo te kontan, youn te bay lòt kado. Jouk jodi a, pèp jwif la sonje kijan Bondye te sove yo, atravè bèl larenn Estè.



Bèl (mayifik) Larenn Estè

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Estè

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





30

60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènitè.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

